# LIRIKALÍQ QAHARMAN MÁSELESENIŃ TEORIYALÍQ TIYKARLARÍ

**Qosbergenova Bekziya**
QMU, 2-kurs magistranti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.19559241

***Annotaciya.*** *Maqalada lirikalıq qaharman boyınsha teoriyalıq kózqaraslar rus, ózbek, qaraqalpaq ádebiyatshılarınıń ilimiy miynetlerine tiykarlanǵan halda úyrenildi.*

***Gilt sózler:*** *lirikalıq qaharman, avtopisixologiyalıq lirika, atqarıw lirikası, lirikalıq personaj, lirikalıq men.*

# THEORETICAL FOUNDATIONS OF THE PROBLEM OF THE LYRICAL HERO

***Annotation.*** *The article examines theoretical perspectives on the lyrical hero based on the scholarly works of Russian, Uzbek, and Karakalpak literary scholars.*

***Keywords:*** *lyrical hero, autopsychological lyric, role (performative) lyric, lyrical character, lyrical "I".*

Lirikalıq qaharman menen avtor ortasındaǵı baylanıslar, olardıń bir pútinligi yamasa ekewiniń de bólek alıp qaralıw máselesi ádebiyattanıwda tartıslı máselege aylanıp úlgerdi.

Platon hám Aristotel dáwirinen baslap, XIX ásirge shekem "lirikalıq men"niń kewil keshirmeleri, qosıqta avtorlıq bayanlaw dep beriledi dep túsinilgen. XX ásirge kelip avtorlıq ómir bayan menen lirikalıq qaharmannıń kewil keshirmeleri menen bir dep qarawǵa shek qoyıldı. Keyinshelik bul teoriya filologiyada qıyın máselelerdiń birine aylandı. Poeziyada lirikalıq qaharman probleması ádebiyattanıw tariyxında kóp waqıtlardan berli ortaǵa taslanıp, úyrenilip kelinbekte.

Lirikalıq shıǵarmalarda qaharmannıń múnasibetin esapqa alǵan halda 2 túrge bólinedi.

Olar:

1. Avtopsixologik lirika
2. Atqarıw lirikası[1].

Avtopsixologik lirika degende lirikalıq qaharmannıń hám shayırdıń oy-pirikleri, sezimleri bir-birine tuwrı kelgen waqtı esaplanadı. Máselen, bunday túrdegi qosıqlarda shayır óz qálbine múráját etedi hám óziniń keshirmelerin qaǵazǵa túsiredi.

Atqarıw lirikasında bolsa, shayır basqa shaxs ruwhına kirip, ózge bir insanniń tilinen pikir júritedi. Nátiyjede, sol ózge shaxs qosıqtıń lirikalıq qaharmanına aylanadı. Sonday-aq, shayır hám lirikalıq qaharmannıń ortasında heshqanday baylanıs hám uqsaslıq bolmaydı. Yaǵnıy shayır ózge bir insanniń sezimlerin qaǵazǵa túsiredi yáki ról oynaydı.

Demek, joqarıda pikirlerge anıqlıq kirgizetuǵın bolsaq, avtopsixologik lirika degenimiz qosıqta sóz etilip atırǵan barlıq waqıyalar, sezimler shayırdıń ózine tiyisli boladı. Al, atqarıw lirikasında bolsa, shayırdıń atqarıw yaǵnıy, "ról atqarıw" sheberligi itibarǵa alınadı. Bunda shayır hár qıylı obrazlarǵa kirip, solardıń atınan sezimlerin, pikirlerin bildiredi. "Atqarıw lirikası" rus ádebiyatında "ролевая калка", al ózbek ádebiyatnda "ijroviy lirika" dep ataladı. Rus ádebiyatshısı B.O.Korman "Sanası lirikalıq qaharmannıń sanası menen tuwrı kelmeytuǵın túrli qaharmanlar atınan sóyleytuǵın lirikalıq subyekt"[2] dep keltirip ótedi. Ózbek ádebiyatshısı D. Quranov "Ijroviy lirika" - bul lirikalıq keshirme basqa shaxstıń tilinen beriletuǵın qosıq.

---

[1] https://uz.wikipedia.org. Ózbekiston_milliy_ensiklopediyasi (2000-2005)
[2] Корман Б. О. Лирика и реализм. -Иркутск: Изд-во Иркут. ун-та, 1986. -С.49

Bunda shayır basqa shaxsqa aylanadı, yaǵnıy onıń rólin atqaradı[3]. Demek, atqarıw lirikası degenimiz bul shayırdıń basqa bir insanǵa yáki zatqa (meyli ol janlı bolsın, yáki jansız) aylanıp, sonıń obrazına kirip, olardıń jaǵdayların, sezimlerin bere alıwın túsiniwimizge boladı. Mısalı, I. Yusupovtıń "Jollıdan sálem" degen qosıǵına qarayıq:

Bárha seni qorǵap jaman kózlerden,
Oqıwǵa qatnadım erip izlerden,
Ne jamanlıq kórdiń óytip bizlerden,
Iyttiń kewlin túsinbegen Ayjamal.

Adamlarday iyt te iytke teń bolmas,
Jaqsı iytler jaman dostan kem bolmas,
Hár iyt ózi bolar, biraq men bolmas,
Endi mendey iyt joq saǵan Ayjamal[4].

Bul qosıqta shayırdıń Jollı degen iyt obrazına kirgenin kóremiz. Yaǵnıy iyesi Ayjamaldıń turmısqa shıǵıp ketkeninde aytqan qosıǵı. Mine, bul atqarıw lirikasına mısal bola aladı. Bul qosıqta "lirikalıq men" shayır emes, ol iyt obrazına kirip, sonıń tilinen sóylegen.

Lirikalıq qaharman obrazınıń jasalıwında shayırdıń sezimi menen sezimtallıǵı birinshi orında turadı. Eń dáslep lirikalıq qaharman obrazı haqqında rus ilimpazları pikir bildirgen.

Lirikalıq qaharman atamasın dáslep Yu.N.Tinyanov A.Blok dóretiwshiligi haqqında jazǵan izertlew jumısında qollanǵan. Tekst avtorına uqsamaytuǵın "lirikalıq qaharman" túsinigi birinshi ret Yuriy Tıyınyanovtıń "Blok" (1921 ) maqalasında ushraydı hám Lidiya Ginzburg, Grigoriy Gukovskiy hám Dmitriy Maksimov sıyaqlı izertlewshiler tárepinen úyrenilip shıǵılǵan[5].

Sonnan berli bul masele ádebiyattanıw ushın izertlew obektiniń birine aylanıp kelmekte.

Lirika hám ondaǵı qaharman obrazınıń jasalıw máseleleri haqqında rus ádebiyatshıları L.Timofeev, M.Baxtin L.Ginzburg, G.Paspelovlar bahalı pikirler aytqan. L.Ginzburg óziniń "O Лирике" degen miynetinde "Lirika –ádebiyattıń ulıwmalıqqa umtılıwshı ayrıqsha bir túri.

Lirikada adamnıń súwretleniwi ádewir ulıwmalasqan. Lirikalıq poeziya barqulla avtordıń ózi haqqında, óz sezimleri haqqında bola bermeydi. Lirikalıq qaharman haqqında shayır qosıqlarında barqulla qatnasatuǵın shayırdıń jekke insanıylıǵı biografiyalıq, syujetlik turaqlı shegaraǵa iye bolǵanda ǵana aytıw múmkin"–dep jazadı[6]. Lirikalıq qaharman haqqında M.M.Baxtin: "Ádebiyattanıwda avtor hám lirikalıq qaharmandı bólip qaraw bar, biraq sonı esapqa alıw kerek lirikadaǵı muń, kóz jas, túńiliw barqulla avtorǵa tiyisli bolıp kelmeydi, hárqanday kóz qaras, kewil keshirmeleri lirikalıq menge ǵárezli boladı, sonlıqtan da lirikalıq qaharmansız estetikalıq kózqaras ta, poetikalıq dóretpe de bolmaydı" dep keltirip ótken[7].

Joqarıda keltirilgen pikirlerge názer awdaratuǵın bolsaq, Ginzburg lirikalıq qaharman menen shayır ortasında shegera bar ekenligin aytsa, Baxtin avtor tárepinen bildirilip atırǵan kewil keshirmeler, oylar avtorǵa tiyisli bola bermeytuǵının aytıp, avtor menen lirikalıq qaharman bir birin menen óz-ara subekt bolıp keletuǵının aytıp ótedi. Sonday-aq, Ginzburg lirikalıq qaharman túsinigin házirgi kúnde hádden tıs qollanılıp atırǵanın aytadı. Ginzburg lirikalıq qaharman obrazın bılay túsindiredi.

---

[3] Quronov D. Adabiyot nazariyasi asoslari. – Toshkent: Akademnashr, 2018. -B.480
[4] Юсупов И. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: Билим, 2018. -Б.345
[5] http://philolog.pspu.ru
[6] Гинзбург Л.Я. О.Лирике. -Ленинград. 1974.С.155-156
[7] Бахтин. М.М. К философия поступка. -Москва: Лабиринт, 1986. -с 151.

"Haqıqıy lirikada barqulla shayırdıń ózi qatnasadı, al, qaharmannıń biografiyalıq, psixologiyalıq ózgeshelikleri súwretlense ǵana lirikalıq qaharman haqqında aytıw orınlı boladı"[8].

Bul arqalı ol bul terminniń óziniń qollanıw qásiyetin joǵaltıp atırǵanlıǵın, avtor oyın súwretlewde tek ǵana lirikalıq qaharman termini menen sheklenip atırǵanın aytadı.

Qaraqalpaq ádebiyattanıwında lirikalıq qaharman probleması boyınsha eń dáslepki izertlew jumısı K.Xudaybergenovtıń "Zamanagóy qaraqalpaq poeziyasında lirikalıq qaharman problemasi" hám ǵárezsizlik dáwirindegi jańa izertlew jumısı P.Dabilovtıń "Qaraqalpaq poeziyasında lirikalıq qaharman obrazınıń jaratılıw ózgeshelikleri (T.Mátmuratov hám K.Raxmanov poeziyası mısalında), [9] "Qaraqalpaq ádebiyatında lirikalıq qaharman konsepsiyası"(lirikalıq subyekt hám obyekt máselesi)[10] dissertaciya jumısları jazıldı.

K.Xudaybergenov zamanagóy qaraqalpaq poeziyasın izertley otırıp, dissertaciya jumısın úlken úsh bapqa bólip úyrenedi. Sonday-aq, K.Xudaybergenovtıń "Lirika hám ómir" (1971) monografiyası diqqatqa layıq. Bul miynet onıń "Dáwir hám parız" (1987) atlı kitabına da kirgen.

Miynettiń ishki kompoziciyaliq qurılısı da original. Ol "Lirikaliq geroy" haqqında, "Lirikada konflikti ózgeshelikleri", "Lirikalıq geroydıń individuallıǵın belgilewshi sıpatlar" degen bólimlerden turadı. Ilimpaz bul miynette lirikalıq qaharman, avtor(shayır) obrazı menen birge "lirikalıq personaj" obrazı degen termindi de qollanadı. Lirikalıq geroy obrazı shayır obrazı termininen keń ekenin aytıp ótedi. Al "lirikalıq personaj" obrazı bolsa adamnıń oy-sezimin tikkeley beriw arqalı emes, al turmıslıq bir momenti súwretlew arqalı ashıladı dep túsinik berip ótedi. Ilimpazdıń "Dáwir hám pariz" (Ádebiy kritikalıq maqalalar)[11] degen kitabında eń dáslep lirikalıq qaharmannıń ulıwmalıq qásiyetleri qaraqalpaq poeziyasınıń janlı mısallar arqalı klassik jaziwshılar menen sınshılardıń pikirlerine súyene otırıp tallanadı, sonday-aq, ayırım rus shayırlarınıń poeziyalıq dóretpeleri de salıstırmalı túrde sóz etiledi. Bul miynette lirikalıq qaharman, lirikada konfliktiń ózgeshelikleri, poeziyada ideyallıq haqqında maǵlıwmatlar, sonday-aq, mısallar menen keń túrde túsinik berilip ótilgen.

P.Dabilov óziniń ilimiy jumısında lirikalıq qaharman haqqında tómendegishe pikir bildiredi; lirikalıq qaharman – bul shayırdıń subekti arqalı jasalǵan ulıwma adamzattıń ruwhı keshirmeleri, oy-pikirleri hám sezimlerine mas keletuǵın poeziyalıq shıǵarmadaǵı shayırǵa uqsas obraz bolıp esaplanadı. Yaǵnıy tek shayırdıń bir ózine ǵana emes, al kópshilik adamlarǵa tán bolǵan oy-pikirler hám sezimlerdi sáwlelendiretuǵın ulıwmalasqan hám individuallasqan qaharman obrazı-lirikalıq qaharman obrazı dep ataladı[12]. Demek, lirikalıq qaharman bul shayırdıń ózi emes, oǵan uqsas obraz. Biraq, ol shayırdıń ishki-sezimleri, oy-pikirleri arqalı jaratıladı. Bul sezimler tek bir adamǵa emes, bálkim kópshilikke ortaq boladı.

Juwmaqlap aytqanda, lirikalıq qaharman – shayırdıń ishki dúnyasın kórsetetuǵın, biraq sol arqalı kópshiliktiń sezimin sáwlelendiretuǵın poeziyalıq obraz dep túsiniwimizge boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Корман Б. О. Лирика и реализм. -Иркутск: Изд-во Иркут. ун-та, 1986.
2. Quronov D. Adabiyot nazariyasi asoslari. – Toshkent: Akademnashr, 2018.

[8] Гинзбург Л.Я. О.Лирике. -Ленинград. 1974.С.156.
[9] Дабылов П. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық қахарман образының жаратылыў усыллары. Автореферат. Дисс. на. кан. филол. наук. – Нөкис, 2018.
[10]Dabilov P. Qaraqalpaq ádebiyatında lirikalıq qaharman koncepciyası (lirikalıq subyekt hám obyekt máselesi. Filologiya ilimleriniń doktorı (DSc) ilimiy dárejesin alıw ushın tayarlanǵan dissertaciya jumısı. -Nókis; 2025
[11]Ҳудайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. -Нөкис; Каракалпакстан, 1987.
[12]Дабылов П. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық қахарман образының жаратылыў усыллары. Автореферат. Дисс. на. кан. филол. наук. – Нөкис, 2018. -Б.23

3. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: Билим, 2018. -Б.345
4. Гинзбург Л.Я. О.Лирике. -Ленинград. 1974.С.155-156
5. Бахтин. М.М. К философия поступка. -Москва: Лабиринт, 1986
6. Дабылов П. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық қахарман образының жаратылыў усыллары. Автореферат. Дисс. на. кан. филол. наук. – Нөкис, 2018.
7. Dabilov P. Qaraqalpaq ádebiyatında lirikalıq qaharman koncepciyası (lirikalıq subyekt hám obyekt máselesi. Filologiya ilimleriniń doktorı (DSc) ilimiy dárejesin alıw ushın tayarlanǵan dissertaciya jumısı. -Nókis; 2025
8. Ҳудайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. -Нөкис; Каракалпакстан, 1987.
9. https://uz.wikipedia.org. Ózbekiston_milliy_ensiklopediyasi (2000-2005)
10. http://philolog.pspu.ru